



**RECHÈCH PWOTEKSYON
KONT VYOLANS
DOMESTIK NAN TRIBINAL
POU FANMI NOUYÒK:**

Enfòmasyon pou Imigran
Viktim ki Limite nan Pale
Anglè



Empire Justice Center
Making the law work for all New Yorkers

Septanm 2017

Kisa vyolans domestik ye?

Si patnè entim ou kounya oswa anvan fè bagay ki pou fè ou santi w menase, laperèz, suiv ou, arase w nan travay, menase pou denonse w devan imigrasyon oswa lòt otorite, kontwole lajan fanmi an, detwi byen prive w (tankou paspò ak papyè imigrasyon w yo), fòse pou fè sèks, blese oswa joure w, ba ou move tit, oswa menase pou kidnape pitit ou, ou ka ap sibi abi. Nan Etazini, vyolans domestik rive souvan epi lalwa kondane l. Ou pa poukont ou epi ou gen dwa rete an sekirite. Si ou panse ou viktim abi, gen èd ki disponib - menmsi ou pa sitwayen oswa si w ap viv nan peyi a san papyè oswa pèmisyon.

Eske gen kote ou ka jwenn enfòmasyon ak asistans?

Chak konte genyen omwen yon òganizasyon ki ede viktim vyolans domestik yo. Pwogram vyolans domestik lokal yo ka founi oumenm ak pitit ou enfòmasyon konsènan dwa ou, yon liy telefòn pou ijans,abri, manje, ak konsèy. Dabitid, sèvis sa yo gratis. Kèk kominote ka genyen pwogram vyolans domestik tou ki ede moun nan kominote ak kliti entènasyonal espesifik. Ou ka jwenn asistans nan yon pwogram vyolans domestik menmsi ou pa sitwayen oswa ap viv nan Etazini san papyè oswa pèmisyon. Pwogram yo pa ka refize asiste oswa bay yon tretman diferan akòz sityasyon w devan imigrasyon epi yo pa ka denonse kliyan yo devan otorite imigrasyon yo oubyen paske ou pa li oswa pale Anglè. Pwogram sa yo pral asiste w menmsi w ap viv ak zanmi w oswa fanmi ou oubyen ou toujou ap viv ak abizè a. Si ou pa konnen kijan pou konekte avèk pwogram lokal vyolans domestik ou a, ou ka rele yon liy telefòn ki disponib 24 sou 24 pou plis enfòmasyon:

Si wa p viv nenpòt kote nan Nouyòk, rele:

1-800-942-6906 (asistans disponib nan jiska 120 lang diferan)

Si ou soud oswa difisil-pou-tande, rele:

711(Relay Service)

Si w ap viv nan vil Nouyòk, rele:

1-800-621-HOPE (4673)

Leta Nouyòk pibliye tou yon gid ki ka ede viktim yo ki rele "Vyolans Domestik: Jwenn Sekirite ak Sipò". Li pibliye an

Anglè, Espanyòl, Chinwa, ak Ris. Gid sa disponib tou sou entènèt nan:

<http://www.opdv.ny.gov/help/fss/contents.html>.

Kijan m ka jwenn asistans apati yon pwogram vyolans domestik si m pa li ni pale Anglè byen?

Yon pwogram vyolans domestik dwe kominike avèk ou nan lang ou santi w pi alèz la. Si yo pa gen anplwaye ki pale lang ou a, pwogram lan dwe founi asistans pou lang gratis, tankou fòm ki tradui oswa yon entèprèt kalifye. Yon pwogram ka bezwen itilize sèvis teltefòn, tankou Language Line, pou kominike avèk ou si pa genyen yon entèprèt disponib pou la an pèsòn. Li pa apwopriye pou yon pwogram itilize yon sèvis telefòn pou konvèsasyon ki long, tankou pou bay konsèy oswa nan gwoup sipò yo. Ou pa ta dwe itilize, oswa yo pa ta dwe mande w itilize , pitit, fanmi, oswa zanmi ou kòm entèprèt.

Si mwen viktim vyolans domestik, eske m ka jwenn asistans pou kesyon ak sousi m yo sou imigrasyon?

Si ou gen kesyon oswa sousi konsènan dwa w devan imigrasyon, Biwo pou Moun ki fèk Ameriken (Office for New American) oswa nenpòt nan Sant pou Opòtinite (Opportunity Centers) yo genyen yo ka gen posiblite pou ba ou asistans oswa enfòmasyon. Asistans ka disponib gratis oswa pou tikras lajan. Ou ka kontakte Biwo pou Moun ki fèk Ameriken y (Office of New American) nan: 1-800-566-7636.

Si ou pa nan sitiyoasyon legal, ou ta dwe konnen ke Etazini gen lwa ki ka pèmèt ou viv ak travay nan peyi sa legalman si ou se yon viktim vyolans domestik oswa lòt krim. Ou ka elijib pou sipò sa si ou pa marye oswa marye ak yon sitwayen Ameriken oswa yon rezidan pèmanan legal. Pou jwenn asistans dapre kèk nan lwa sa yo, ou ka bezwen kolabore ak lapolis nan monte dosye legal kont abizè w la. Ou ka jwenn asistans tou dapre lwa sa yo si ou ale nan tribinal pou fanmi pou chèche pwoteksyon kont abizè w la. Ou dwe asire w ke ou suiv tout rekòmandasyon tribinal la epi prezante nan tout dat ki pwograme pou sa nan tribinal la. Lwa imigrasyon sa yo konplike, konsa li enpòtan anpil pou ou pale avèk yon avoka oswa defansè ki gen eksperyans ki ka eksplike opsyon w yo. Selon sitiyoasyon pa w, jwenn yon manda pwoteksyon nan

tribinal pou fanmi oswa kolabore avèk lapolis ka ede aplikasyon imigrasyon w lan.

Eske m ta dwe rele polis pou asistans si m pa li oswa pale Anglè byen?

Vyolans domestik se yon krim epi lapolis ka arete abizè w la epi akize l kòm yon kriminèl si yo panse li te vyole lalwa. Si ou bezwen ale yon lòt kote pou sekirite w, tankou yonabri pou vyolans domestik oswa lakay yon zanmi, lapolis ka gen posiblite mennen w.

Kominike ak lapolis ka difisil si yo rive kote w ye a men yo pa pale menm lang ak ou. Si oumen oswa pitit ou viktim oswa gen laperèz, li ka pi difisil pou pale avèk yo. Ou ta dwe konnen ke lapolis dwe founi w asistans nan lang ou pale a gratis si yo pa pale l, tankou yon ofisyè ki pale de lang oswa yon ofisyè entèprèt. Ou ka bezwen rete tann pou asistans nan lang ou pale a si lapolis pa gen yon ofisyè ki pale de lang oswa yon entèprèt disponib imedyatman. Omwen, ou ta dwe jwenn yon entèprèt atravè yon sèvis telefòn. Ofisyè polis yo pa ta dwe janm itilize abizè w la kòm entèprèt. Yo pa ta dwe nonplis itilize yon manm fanmi, zanmi, oswa pitit ou sof si gen yon ijans epi li nesèsè pou yo ka kominike avèk ou pou asire ke tout moun an sekirite.

Lapolis ka pale avèk ou konsènan opsyon w nan yon tribinal kriminèl oswa sigjere w chèche asistans yon tribinal pou fanmi. Ou gen dwa pou alafwa depoze plent kriminèl kont abizè w la epi chèche asistans nan yon tribinal pou fanmi.

Menmsi yo pa arete abizè w la paske li abize w, lapolis dwe ba ou yon “Victim’s Rights Notice” avèk enfòmasyon sou dwa ak opsyon ou yo, ansanm ak yon kopi “Domestic Incident Report” ki detaye sa k te rive w la. Ou gen dwa pou ekri pwòp deklarasyon pa w sou sa k te rive a nan lang pa w sou “Domestic Incident Report” la. Selon lang ou pale a, lapolis ka oblije mande tradui deklarasyon ekri w la yon fason pou yo ka li ak konprann eksplikasyon alekri w la sous a ki te pase nan pòp mo pa w.

Lapolis ka pran plent ou a oswa deklarasyon ou fè a. Pa siyen plent ofisyèl oswa deklarasyon pazavan yo tradui oswa yon entèprèt kalifye entèprete yo pou ou. Sa yo se dokiman legal ki ka enpòtan anpil pou ka pa w la pi devan, konsa sa ki ladan yo dwe pi presi ke posib.

Victim's Rights Notice la disponib an Anglè, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen, Bengali, Chinwa Tradisyonèl & Senplifye, Koreyen, ak Ris. Enfòmasyon tradui yo disponib sou entènèt nan: <http://www.nycourts.gov/forms/familycourt/domesticviolence.shtml>. Sonje, kolaborasyon ou bay lapolis ak tribinal pou fanmi an non sèlman pral ede pou sekirite w, li pral ede w tou pi devan devan imigrasyon.

Si lapolis pa reyisi ba ou asistans nan lang ou oswa ou santi yo te vyole dwa w, pale sa ak defansè vyolans domestik la oswa avoka w. Ou ka depoze yon plent tou devan otorite vil oswa vilaj nan kominote w la.

Eske lapolis pral denonse mwen oswa abizè mwen an devan otorite imigrasyon yo si m rele pou asistans?

Nan kèk kominote nan New York, lapolis pa poze keksyon sou sitiyasyon imigrasyon moun yo lè yo reponn yon apèl pou èd. Men nan kèk lòt kote, lapolis ka mande enfòmasyon sou sitiyasyon ou. Li enpòtan pou w konnen pratik lapolis nan lokalite ou. Sepandan, lè yo arete epi pran anprent dijital yon moun, sa pral alète otorite imigrasyon yo. Malerezman, pafwa yo arete viktim vyolans domestik yo si lapolis pa ka deside kiyès ki responsab sa k te pase a. Sa pa vledi nesèsman ke imigrasyon pral enplike men, si sa rive, ou ta dwe di imigrasyon imedyatman ke ou se viktim yon krim. Ou ta dwe apresa planifye pou kontakte yon avoka imigrasyon eksprimante pi vit posib pou diskite opsyon legal ou yo.

Kisa tribinal pou fanmi an ye epi kijan li ka ede m?

Youn nan kote pi souvan ou ka jwenn pwoteksyon kont abi nan Nouyòk se yon tribinal pou fanmi. Tribinal pou fanmi yo se tribinal sivil ki deside sou ka ki enplike pwoblèm fanmi, tankou vyolans domestik, abi sou timoun, responsablite legal ak sipò pou timoun. Chak konte gen yon tribinal pou fanmi epi ou ka louvri yon dosye gratis. Tribinal sa yo louvri pandan orè biznis regilye lasemèn. Ou ba oblije se sitwayen ni li ni pale Anglè pou jwenn asistans nan yon tribinal pou fanmi. Tribinal sa ka mete deyò yon "manda pou pwoteksyon", ak, selon moman ou rive nan tribinal la, ou ka jwenn yon mandan tanporè menm jou ou vin chèche asistans lan.

Kisa yon manda pou pwoteksyon ye epi kijan sa ka ede m?

Yon manda pou pwoteksyon se yon dokiman legal yon jij siyen ki oblije abizè respekte kèk kondisyon. Se sèl yon jij ki ka mete yon manda deyò. Manda pou pwoteksyon yo disponib nan diferan pwosedi nan tribinal pou fanmi an. Yo disponib tou kòm yon pati nan yon ka divòs oswa si ou depoze yon plent kriminèl.

Manda pou pwoteksyon yon tribinal pou fanmi ka aranje pou reponn ak bezwen ak sousi espesifik sekirite. Paegzanp, li ka òdone pou abizè a sispann kontakte w oswa rete lwen ou ak lòt kote ou ale souvan (lekòl, travay, oswa biznis). Si n ap viv ansanm manda a k afè abizè a kite kay nou pataje a. Si abizè a kenbe papyè imigrasyon w, idantifikasyon, oswa lòt dokiman w, tribinal la ka òdone abizè a pou remèt ou yo. Si nou gen pitit ansanm, li ka limite oswa anpeche abizè a kontakte yo, deside sou responsablite legal oswa vizit, epi ba ou sipò pou tanporèman timoun yo. Si abizè w la te menase pou kidnape pitit ou yo oswa kite peyi a avèk yo, tribinal la ka entèvni. Si abizè w la gen zam, tribinal la ka pran yo nan men l. Yon manda pou pwoteksyon ki soti nan yon tribinal pou fanmi ka dire jiska 2 oswa 5 ane, selon sikonstans yo. Ou pa bezwen depoze yon plent pou krim oswa gen yon rapò polis pou mande asistans yon tribinal pou fanmi. Mande yon tribinal pou fanmi yon manda pou pwoteksyon pa vledi abizè w la pral nan prizon.

Tribinal fanmi nan eta akòmanse pibliye òdonans pwoteksyon ki tradwi nan sèten lang apa anglè, tankou paregzanp panyòl, ris, arab, chinwa, e latriye. Gen kèk pati tou piti nan òdonans lan ki rete nan lang angle, men pifò òdonans lan ap nan yon lang ou li oswa pale. Tribinal la ap ba ou kopi òdonans lan nan lang pa w ou, ansanm avèk vèsyon nan lang angle a. Entèprèt tribinal la ap entèprete òdonans lan nan lang pa w la tou pandan ou nan tribinal la.

Malgre yon manda pou pwoteksyon pa ka garanti sekirite w, si abizè w la obeyi kondisyon yo, li ka ede pou sekirite w. Si abizè w la dezobeyi manda tribinal la, ou k arele polis oswa mande tribinal pou fanmi an plis pwoteksyon. Manda pou pwoteksyon ka ede tou nan dosye imigrasyon w.

Nan New York, enfòmasyon sou tout òdonans pwoteksyon yo otomatikman antre nan yon baz done nasyonal, e otorite imigrasyon yo ka gen aksè nan baz done sa a. Si abizè a se yon sitwayen ameriken, ou ta dwe konnen ke jwenn yon manda final pou pwoteksyon ka gen yon konsekans negatif sou sityasyon abizè w la devan imigrasyon. Avan ou depoze yon

plent devan tribinal pou fanmi li ta bon pou ou pale ak yon avoka imigrasyon yon fason pou ou ka aprann plis konsènan enpak potansyèl asistans sa ka genyen sou abizè w la ak kijan li ka gen enpak sou oumenm oswa pitit ou yo.

Eske m bezwen yon avoka pou m solisite yon manda pou pwoteksyon?

Li pa nesèsè pou gen yon avoka. Toutfwa, genyen yon avoka pral ede ou pi byen konprann tout dwa ak opsyon legal ou yo. Avoka a pral sèvi kòm defansè w epi negosye avèk abizè a pou ou. Si ou pa ka peye pou yon avoka oumenm, tribinal pou fanmi an ka gen posiblite chwazi yon avoka pou reprezante w gratis apre ou ranpli yon demand. Abizè w la ka kalifye pou yon avoka gratis tou. Pwogram lokal vyolans domestik ou a kapab ede w jwenn asistans legal nan zòn lakay ou. Pou prepare dosye w la kòrekteman, avoka w la oblije kominike klèman avèk ou epi eksplike w sa lalwa mande. Nan kèk ka, avoka w la oblije dapre lalwa founi w yon asistans pou lang (entèprèt oswa dokiman oubyen lèt ki tradui) gratis si yo pa ka kominike avèk ou nan lang pa w.

Kijan ou kalifye pou yon manda pwoteksyon apati yon tribinal pou fanmi?

Ou pa oblije ap viv lwen abizè w la pou chèche yon manda pou pwoteksyon. Toutfwa, anpil viktim chèche yon manda lè yo deside ke rete nan relasyon pa ofri ase sekirite pou yo oswa pitit yo.

Sèlman moun ki gen yon fanmi oswa relasyon entim avèk abizè yo ka jwenn yon manda pou pwoteksyon apati yon tribinal pou fanmi. Pou kalifye, oumenm ak abizè w la dwe ranpli youn nan kondisyon sa yo:

- Marye oswa divòse, ki enkli maryaj moun oswa diferan sèks, oswa;
- Nan relasyon entim oswa ap sòti ak (mennaj gason, mennaj fi, patnè nan kay), oswa;
- Gen relasyon famiyal direk (paran, graparan, timoun, frè ak sè, tonton, kouzen), oswa;
- Gen lyen maryaj (boparan yo, demi frè ak sè, bofis/bèlfi.)

Abizè w la ka te abize plis pase yon sè la fason, tankou menase oswa suiv ou, menase w avèk yon zam, menase w an pèsòn oswa nan telefòn/alekri, peze kou w, frape oswa pouse w, rele sou ou, domaje oswa detwi bagay ou, fizikman oswa seksyèlman abize w, oswa fè bagay ki fè w pè domaj oswa lanmò.

Eske mwen oblije kapab pale oswa ekri Anglè pou chèche jwenn yon manda pou pwoteksyon atravè yon tribinal pou fanmi?

Malgre tout bagay nan tribinal la fè nan Anglè, lalwa ba ou dwa pou gen yon entèprèt pou ede w kominike avèk anplwaye, jij yo, ak avoka yo nan lang ou santi w pi alèz la. Pwosedi yo nan tribinal ka difisil pou konprann epi gen anpil presyon, menm pou moun ki konprann Anglè byen. Paske pwosedi sa yo enpòtan anpil pou sekirite w, li esansyèl pou ou konprann sa ka p fèt yo epi pou tribinal la konprann ou. Entèprèt yo ka asiste w ni nan sal tribinal la, ak pandan w ap kominike avèk anplwaye tribinal la.

Kijan mwen ka fè tribinal la konnen mwen bezwen asistans pou lang?

Anndan tribinal yo genyen siy nan diferan lang ki bay enfòmasyon sou entèprèt ki disponib gratis. Biwo Grefye Tribinal pou fanmi an ka itilize yon kat "I Speak" ki pèmèt ou montre lang ou pale a konsa anplwaye yo pral konnen ki asistans ou bezwen. Si lang pa w la pa sou lis ki sou kat "I Speak" la, pa panike. Kat yo pa bay lis chak lang ki disponib epi tribinal la ka founi entèprèt nan plis pase 100 lang. Asire w ke ou mande asistans pou lang si ou bezwen.

Grefye tribinal pou fanmi yo resevwa fòmasyon espesyal sou fason pou ede moun ki bezwen asistans pou lang. Pandan anpil tribinal ka rapidman konprann ke ou bezwen yon entèprèt, gen lòt ki ka pa reyalize sa toutsuit. Si yo pa ofri w yon entèprèt imedyatman epi ou bezwen youn, ou ta dwe fè demand lan oumenm. Si ou pa fè demand sa, tribinal la ka panse ke ou pa bezwen asistans. Si ou pè mande asistans, ou ka mennen yon moun ou fè konfyans pou pran defans ou, tankou defansè nan pwogram vyolans domestik, yon zanmi oswa manm fanmi ou. Avoka w ka fè demand lan pou ou tou.

Eske m ta dwe mande tribinal la pou yon entèprèt avan mwen chèche asistans yo?

Etap pou planifye pou yon entèprèt diferan nan chak eta. Si ou konnen ou pral bezwen yon entèprèt alavans, li ap ede si ou mande avoka w oswa defansè nan pwogram vyolans domestik pou enfòmè tribinal la w ap vini. Sa ka ede redui reta epi asire ke yon entèprèt disponib. Oumenm oswa defansè w la ta dwe kontakte Biwo Grefye Tribinal pou fanmi nan zòn ou an epi di yo ou genyen yon sitiyaasyon vyolans domestik ijan. Si w bezwen, oumenm oswa defansè w la ka kontakte NYS Court System's Office of Language Access la nan: Imél: courtinterpreter@nycourts.gov pou jwenn asistans.

Malerezman, kèk tribinal pa ka fè aranjman pou yon entèprèt avan ou rive. Premye fwa ou ale nan tribinal la, li ka pran yon bon tan avan yo jwenn yon entèprèt pou ou, sitou si ou pale yon lang ki pa komen nan kominote w la. Pandan entèpretasyon je-nan-je preferab, nan kèk ka entèprèt la ka disponib nan telefòn oswa videyo. Ou ta dwe mande biwo grefye a pou jwenn yon entèprèt pa telefòn oswa videyo si li pa posib pou jwenn yon entèprèt sou plas nan entèval kèk èdtan. Depi tribinal la fin konnen ou bezwen yon entèprèt pou lòt lè wa p prezante nan tribinal la, yo pral fè aranjman pou gen yon entèprèt legal disponib lè ou retounen.

Yo ka ba ou yon lòt entèprèt chak fwa ou ale nan tribinal la. Ou ka bezwen itilize menm entèprèt la ak abizè w la nan tribinal la si abizè w la bezwen asistans pou lang tou. Sonje, entèprèt la vini pou ede w kominike, men pa pou pran pozisyon oswa defann yon moun kont lòt la. Entèprèt la pa otorize pou di abizè w la anyen ou te pataje pandan konvèsasyon prive nan tribinal la avèk avoka oswa lòt moun.

Eske m ap oblije peye entèprèt la nan yon tribinal pou fanmi?

Tribinal pou fanmi an dwe mete adispozisyon w yon entèprèt kalifye, legal gratis. Entèprèt ke sistèm jidisyè Nouyòk la anplwaye yo dwe pran fòmasyon obligatwa epi pase egzamen alafwa nan Anglè ak nan lòt lang yo pale a. Entèprèt legal yo gen lòt obligasyon pwofesyonèl. Yo pa gen dwa pou pataje enfòmasyon yo te tande konsènan ou ak fanmi ou pandan y ap asiste w. Yo pa otorize nonplis pou gen konvèsasyon an prive avèk ou, ba ou konsèy legal, oswa di ou kisa pou fè nan sitiyaasyon pa w la.

Eske m ka menen yon zanmi, paran, oswa pitit ou sèvi entèprèt mwen nan tribinal?

Ou pa ta dwe fè yon zanmi, paran, oswa pitit ou sèvi kòm entèprèt ou oswa tradiktè. Malgre moun sa yo pale de lang, genyen anpil rezon pou yo pa ta dwe sèvi kòm entèprèt pou ou. Dabò, entèprete ak tradui se yon bagay trè difisil epi li mande talan ak fòmasyon espesyal. Kontrèman ak zanmi oswa fanmi, entèprèt legal yo gen obligasyon tou pou kenbe sa ou di yo sekrè. Ansuit, ou pral bezwen diskite eksperyans pèsònèl ki twoublan oswa sansib epi li ka difisil pou fè sa an prezans pou ki fè sousi pou ou. Anplwaye tribinal la oswa jij yo pa ta dwe janm mande ou itilize yon zanmi, paran, oswa pitit ou pou sèvi kòm entèprèt nan zafè tribinal la. Ou gen dwa pou jwenn yon entèprèt disponib pandan tout dewoulman ka w la devan tribinal la. Si ou vle mennen yon zanmi ou fè konfyans oswa yon manm fanmi ou pou sipòte w, ou ta dwe toujou itilize yon entèprèt legal.

Kisa m ta dwe fè si m gen yon pwoblèm avèk entèprèt tribinal la chwazi pou mwen an?

Pandan anpil viktim abi gen eksperyans pozitif avèk entèprèt nan tribinal pou fanmi, pwoblèm ka pete. Ou ta dwe imedyatman alète avoka w, defansè oswa tribinal la si ou gen nenpòt sousi. Kèk pwoblèm ki kouran se:

Sa k pase si entèprèt yo ban mwen an pale lang mwen an men pa konnen dyalèk mwen an oswa pa ka kominike ak mwen pou yon lòt rezon?

Fè tribinal la oswa avoka w konnen ke entèprèt la pa kominike klè ase nan lang pa w.

Sa k pase si abizè mwen an oswa mwen pèsònèlman konnen entèprèt la?

Nou ta dwe fè tribinal la konnen si gen relasyon pèsònèl avèk entèprèt la. Tribinal la pral deside si relasyon sa se yon konfli denterè. Si ou pa santi w an sekirite oswa konfòtab pou itilize entèprèt sa, ou ta dwe fè tribinal la konnen sa.

Sa k pase si entèprèt la pa byen entèprete sa mwen di oswa ap fè erè nan tradiksyon an?

Fè tribinal la oswa avoka w konnen ke entèprèt la pa kominike klè ase nan lang pa w.

Sa k pase si entèprèt la ap bay pwòp opinyon pa li, eseye ban mwen konsèy legal, oswa fè kòmantè pèsònèl konsènan dosye mwen an?

Entèprèt yo pa otorize pou fè sa epi ou ta dwe enfòme tribinal la oswa avoka w. Pa chèche ni aksepte konsèy yo.

Si m t ap prefere itilize yon entèprèt ki gen menm sèks avèk mwen, eske m ka fè yon demand konsa?

Tribinal la pral eseye montre sansiblite epi fè aranjman pou demand ou an, selon disponiblite entèprèt nan lang ou pale a. Ou ka oblije eksplike pouki se sa ou prefere epi si sa gen pou wè avèk kilti oswa relijyon w oubyen akòz abi ou te sibi a.

Sa ka p pase si m pa ka rezoud pwoblèm entèprèt la?

Si ou oswa avoka w pa gen posiblite pou rezoud pwoblèm entèprèt la direkteman nan Biwo Grefye a, ou ta dwe rapòte pwoblèm lan devan Grefye Anchèf la nan tribinal la. Si ou gen yon sousi oswa plent konsènan kalite oswa disponiblite asistans entèprèt nan tribinal la, ou ka kontakte "NYS Office of Language Access" la. Ou ka pataje sousi ou avèk yo nan Anglè oswa nan lang ou santi ou pi alèz la.

Sistèm Jidisyè Entegre Leta Nouyòk
Divisyon Sèvis Pwofesyonèl ak Tribinal
Biwo Asistans pou Lang
25 Beaver Street, 8èm Etaj
New York, NY 10004
Telefòn: (646) 386-5670
Faks: (212) 428-2548
Imél: courtinterpreter@nycourts.gov
oswa interpretercomplaints@nycourts.gov
Sit entènèt: www.nycourts.gov/courtinterpreter



Kijan mwen ka ranpli papyè nesès pou yon manda pou pwoteksyon si Anglè se pa lang mwen te pale pandan m ap grandi?

Ou pral bezwen ranpli yon petisyon pou mande tribinal la yon manda pou pwoteksyon epi eksplike istwa menas abizè w la oswa abi kont oumenm ak/oswa manm fanmi ou. Kèk tribinal pou fanmi gen moun disponib sou plas pou ede w ranpli petisyon an, tankou asosye nan biwo grefye a, yon ofisyè pwobasyon, yon avoka, yon defansè nan pwogram vyolans domestik. Nan ka sa yo, yon entèprèt legal ta dwe disponib pou ede ou kominike. Malerezman, kèk tribinal pa ofri sèvis sou plas pou asistans pou ranpli yon demand. Si sa rive, mande grefye a ba ou yon entèprèt pou ede w konprann kisa petisyon an mande. Anpil Pwogram Vyolans Domestik, sant Jistis pou Fanmi, ak biwo sèvis legal sou tout etandi leta a kounya k aede w ranpli petisyon w lan epi voye l pa imel nan tribinal la pou suivi. Biwo sa yo ta dwe ka founi ou sèvis entèpretasyon ak tradiksyon si ou bezwen pou asire ke dokiman w yo pa gen erè. Nan kèk kominote, gras ak yon nouvo pwojè espesyal, ou ka menm pale avèk jij la pa videyo pou manda an jians si ale nan tribinal la ka riske oswa trè difisil pou ou. Tankou pou lòt pwosedi nan tribinal yo, entèprèt ofisyèl pou tribinal la ka prezan an pèsòn, sou telefòn oswa sou videyo.

Ou pral bezwen verifye idantite w lè w ap siyen petisyon an. Verifikasyon an egzijè ou montre idantifikasyon pèsònèl ak foto w, tankou lisans pou kondui, kat idantite ki pa lisans, paspò, kat benefis asistans leta, kat idantite imigrasyon, lisans pwofesyonèl, kat idantifikasyon lekòl, oswa badj anplwaye. Si ou pa gen pyès pou idantifye w (abizè w la te kenbe oswa detwi li, pèdi li, ou pa t ka pran li lè w t ap kouri soti), fè moun k ap verifye petisyon w lan konnen pwoblèm sa epi diskite lòt fason ou ka verifye idantite w. Si ou vle konsève adrès ou sekre pou abizè a, genyen yon fòm ou ta dwe ranpli tou pou akonpaye petisyon w lan pou mande tribinal la akòde w sa.

Kisa ki rive apre mwen soumèt petisyon an?

Apre tribinal la revize petisyon w lan, li ka mete yon manda tanporè pou pwoteksyon deyò. Manda pou pwoteksyon an pral ekri an Anglè, konsa eseye sonje pi byen ou kapab sa ki ladan. (Ou ka mande avoka w oswa defansè kont vyolans domestik si yo ka fè tradui l pou ou.) Abizè w la pral resevwa yon kopi petisyon an ak manda a epi li pral oblije vini

nan tribinal la pou reponn petisyon an. Pral genyen plis pase yon prezantasyon devan tribinal la pou rezoud dosye w la. Ou gen dwa jwenn yon entèprèt kalifye pandan tout dewoulman pwosedi yo epi tribinal la pral fè aranjman pou sa.

Si tribinal pou fanmi enplike lòt pwofesyonèl nan dosye mwen an, kijan mwne ka kominike avèk yo?

Kòm yon pati nan dosye manda pou pwoteksyon w lan, tribinal pou fanmi an ka enplike lòt ajans sèvis. Si timoun ou yo sou lobedyans yon Avoka pou Timoun, avoka sa dwe fè aranjman pou jwenn yon entèprèt kalifye pou kominike avèk ou - oswa yo - gratis. Lòt kalte ajans sèvis, tankou yon sant pou vizit sipèvize oswa espesyalis evalyasyon sante mantal, ka bezwen ba ou asistans pou lang ou pale gratis, selon si yo gen lajan disponib. Avoka w la ta dwe asire ke ou gen posiblite kominike klè avèk ajans sa yo.

Sa k pase si mwen bezwen asistans pou peye pou manje, kay, ak swen medikal?

Si ou gen pitit avèk abizè w la, sonje ke ou ka mande tribinal la pou fè soti dokiman tanporè sou asistans pou timoun andedan manda pwoteksyon an. Ou ka anvizaje tou ranpli yon petisyon separe nan Tribinal Fanmi an pou asistans pou timoun. Si ou bezwen swen medikal pou domaj ke abizè a te lakòz, ou ka mande tribinal la òdone abizè w la peye depans sa yo. Lajan sa yo ou resevwa ka ede w peye kèk nan bezwen debaz ou yo.

Oumen ak pitit ou yo kalifye pou benefis asistans leta ede peye lwaye, manje, oswa kapab swen medikal. Aplikasyon yo disponib nan biwo antrèd lokal ou oswa sou entènèt nan: <http://otda.ny.gov/programs/applications/>. Aplikasyon yo disponib nan Anglè, Arab, Chinwa, Kreyòl/Ayisyen, Italyen, Ris, ak Espanyòl. Benefis oumenm ak pitit ou kalifye pou yo ka varye dapre sitiyasyon w devan imigrasyon. Ou gen dwa pou jwenn entèprèt gratis pou kominike avèk anplwaye biwo antrèd la. Biwo lokal antrèd la ta dwe ekspoze yon postè ki bay enfòmasyon sou asistans pou lang. Ou ka fè yon demand tou alekri oswa di travayè a ou bezwen asistans pou lang ou pale a.

Kisa mwen dwe fè si yo refize ban mwen yon entèprèt oswa si m vle depoze yon plent konsènan kalite travay entèprèt yo te ban mwen an?

Posibilite pou kominike nan lang ou se yon pwoblèm dwa sivil epi lalwa pwoteje w kont tout diskriminasyon. Ou gen dwa pou depoze yon plent konsènan tretman nan konsiderasyon epi ou ka kontakte Biwo Komisè Gouvènman Prensipal la nan Nouyòk, Etazini Depatman Lajistis oswa Divizyon Dwa Moun Leta Nouyòk:

Biwo Komisè Gouvènman Leta Nouyòk la, Biwo Dwa Sivil yo

Telefòn: (212) 416-8250

Imél: Civil.Rights@ag.ny.gov

Leta Nouyòk, Divizyon Dwa Moun

Telefòn: (718) 741-8400

Sit entènèt: <http://www.dhr.ny.gov>

Ministè Jistis Etazini, Divizyon Dwa Sivil, Seksyon Kowòdinasyon ak Respè Lwa Federal

Telefòn: (888) TITLE-06 (vwa oswa TTY)

ALÈT!

Règleman pou fè respekte lwa imigrasyon yo ap chanje rapidman Ozetazini. Li enpòtan pou yon imigran ki viktim vyolans domestik konnen sityasyon imigrasyon li konnye a epi chèche konnen kisa ki ka fèt pou l kalifye pou vin legal. Ou dwe konnen tou ki dwa legal ou genyen si lapolis oswa otorite imigrasyon yo rete w.

Kenbe dokiman enpòtan ou yo yon kote ki an sekirite e asire w ou gen yon plan tou pare pou fanmi ou si yo arete ou. Pou plis enfòmasyon: <https://www.ilrc.org/know-your-rights-andwhat-immigrant-families-should-do-now>

EMPIRE JUSTICE CENTER

Albany ♦ Long Island ♦ Rochester ♦ White Plains

www.empirejustice.org

Dwadotè © Septanm 2015

*Pwojè sa jwenn sipò atravè yon don ki administre pa
Divizyon Leta Nouyòk pou Sèvis Jistis Kriminèl
Se otè a ki responsab lide ki degaje nan dokiman sa
epi yo pa nesesèman reprezante pozisyon oswa politik ofisyèl
Divizyon pou Sèvis Jistis Kriminèl*

*Bwochi sa te tradui nan sis lang: Arab, Chinwa, Kreyòl Ayosyen, Polonè,
Ris, Franse, ak Espanyòl. Si out a vle gen aksè nan bwochi yon an lang sa
yo, tanpri visite sit entènèt pou Empire Justice Center (Sant Jistis Empire
la) nan www.empirejustice.org.*

